

# Teknoloji ki Bay Sipò:

## Zouti pou Ede Pitit Ou Aprann ak Jwe

**Aparèy teknoloji ki Bay Sipò** ede tibebe ak jèn timoun ki nan Pwogram Entèvansyon Bonè jwe, aprann ak kominike avèk lòt moun. Aparèy yo ka senp oswa konplèks. Men kèk ladan yo:

- ⦿ Aparèy pou tande
- ⦿ Zouti pou ede timoun pale ak konprann
- ⦿ Jwèt ki gen limyè ak son pou timoun ki gen difikilte pou wè
- ⦿ Pousèt espesyal, vètikalizatè, wakè pou mache ak aparèy òtopedik pou timoun ki gen reta nan mouvman
- ⦿ Kiyè oswa tas espesyal ki kapab ede pitit ou avèk aktivite chak jou

## Pou jwenn plis enfòmasyon, pale avèk espesyalis terapi Entèvansyon Bonè ou.

Si oumenm ak espesyalis terapi Entèvansyon Bonè ou dakò yon aparèy teknoloji asistans ka bon pou pitit ou ak fanmi ou:

- ⦿ Avèk pèmasyon ou alekri, yon manm ekip Entèvansyon Bonè ap kontakte doktè fanmi ou pou li jwenn yon preskripsyon pou chak aparèy.
- ⦿ Answit, ekip ou ap remèt demann lan.
- ⦿ Apre ekip Entèvansyon Bonè a apwouve demann lan, yon founisè ap travay avèk ou e avèk espesyalis terapi ou pou chwazi aparèy ki bon pou pitit ou a epi pou ajiste li, jan li nesèsè.
- ⦿ Lè ou resevwa aparèy la, founisè a ak espesyalis terapi Entèvansyon Bonè ou ap montre ou kijan pou itilize li san pwoblèm.

## Eseye ekipman an pou jwenn sa ki pi bon an pou pitit ou.

Kèk aparèy kapab konplèks anpil, men souvan pi bon aparèy pou pitit ou kapab senp anpil, tankou yon kiyè ki gen yon gwo manch.

United Cerebral Palsy of New York City TRAIID Center kapab ede ou jwenn enfòmasyon sou diferan aparèy teknoloji ki bay sipò pou gratis. Kèk nan atik yo menm disponib pou prete epi pou eseye avèk tibebe ou oswa jèn timoun ou. Ansanm avèk espesyalis terapi ou, oswa poukont ou, **ou kapab kontakte Sant TRAIID ki tout kote nan vil la nan nimewo 718-436-7979, ekstansyon 711, oswa [techworks@ucpnyc.org](mailto:techworks@ucpnyc.org)** pou pale sou bezwen ou yo oswa pou pran yon randevou pou jwenn enfòmasyon sou aparèy yo.

Photo © 2015: Rifton Equipment. Itilize avèk pèmasyon.

